# Moynaqtaǵı Doslıq DFX aymaǵınan ótiwshi jol asfaltlandı

Respublikamız aymaǵındaǵı mádeniy miyras hám turizm obektlerine alıp barıwshı ulıwma paydalanıwdaǵı avtomobil jollarında ońlaw jumısların júrgiziw boyınsha mánzilli jol kartaları islep shıǵılıp, rayonlıq jollardan paydalanıw unitar kárxanaları tárepinen jumıslar baslap jiberilgen edi.

Image not found or type unknown

Jaqında Moynaq rayonı aymaǵındaǵı jergilikli áhmiyetke iye 4 N-1 avtomobil jolınıń Doslıq DFX aymaǵınan ótiwshi bóliminde Moynaq RJPUK tárepinen kúndelikli ońlaw jumısları sheńberinde asfalt tóseldi.

Aytıp ótiw orınlı, 4 N-1 avtomobil jolı Sulayman Baqırǵanıy maqbarasına alıp barıwshı jol esaplanıp, avtomobil jolında jaylasqan kópirlerdi ońlaw, jol qaplamalarınıń jaramsız jaǵdayǵa kelgen bólimlerinde ońlaw jumısların alıp barıw rejelestirilgen edi.

Qaraqalpaq Avtojol